# KITAPXANA-MÁLIMLEME MÁKEMELERINIŃ TIYKARǴÍ TIPLERI HÁM ONÍŃ ÓZGESHELIKLERI

***Húrliman Shamshetova Salawatovna***
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner*
*hám mádeniyat institutı*
*Nókis filialı studenti*
***Sharipova Dilbarxan Atajanovna***
*Kitapxana-xabar iskerligi kafedrası aǵa oqtıwshısı*

**Annotaciya :** Kitapxana — baspa hám ayırım qo'l jazba dóretpelerden ǵalabalıq paydalanıwdı támiyinleytuǵın mádeniy-aǵartıwshılıq hám ilimiy shólkem; úzliksiz túrde baspa dóretpeler toplaw, saqlaw, úgit-nasiyatlaw hám kıtapxanlarǵa jetkiziw, sonıń menen birge, málimleme-bibliografiya jumısları menen shuǵıllanadı, xalıqtıń manawiy sawatqanlıq dárejesin asırıwda aktivlik kórsetedi. Kıtapxanlarǵa xizmet kórsetiw kitapxananıń tiykarǵı iskerligi bolıp, qalǵan barlıq xızmetler (kitap fondin shólkemlestiriw, fond mazmunın jarıtıw hám bayıtıp barıw onı kıtapxanlarǵa jetkiziw) tiykarǵı iskerlik ushın xızmet etedi.
Paydalanıwshılardıń úzliksiz bilim alıw máskanı bolǵan kitapxanalardıń iskerligin elede jetilistiriw boyınsha tómendegi usınıslardı beremen:
1. Milliy màdeniyattı tereń ańlatıwshı màlimleme-kitapxana màkemeleri kitap fondların qáliplestiriw.
2. Bilimlendiriw màkemeleriniń statusın arttırıw, tarmaq ilimiy màlimleme-kitapxana màkemeleriniń ilimiy hàm màlimleme potencialın, sonday-aq, màlimleme-kitapxana tarawında màmleketlik-jeke menshik sheriklikti, màmlekettegi jeke menshik hàm sanlı (virtual) màlimleme-kitapxana màkemeleri tarmaǵın rawajlandırıw.
**Gilt sózi:** izertlewdiń usılları, kitapxana, izertlewdiń predmeti, kitapxanashı, principleri, málimleme-resurs orayları
**Аннотация:** Библиотека — культурно-просветительская и научная организация, обеспечивающая общественный доступ к печатным и некоторым рукописным сочинениям; постоянная оценка, сохранение, пропаганда и доставка печатных рефератов библиотекарям, поэтому те, кто занимается справочно-библиографической работой, проявляют активность в повышении уровня духовной грамотности народа. Оказание услуг читателям является основной деятельностью библиотеки, а все остальные услуги (организация книжного фонда, просвещение и обогащение содержания фонда и доставка его библиотекарям) служат основной эффективности.
**Ключевые слова :** Методы исследования, библиотека, предмет исследования, библиотекарь, принципы, справочно-ресурсные центры

Házirgi kúndegi kitapxana-málimleme mákemeleri túrleri hám olardıń bólimleri wazıypaları haqqında keınen maǵlıwmatlar berilgen. Kitapxana – málimleme sistemaları dúzilmeleri, paydalanıwshılar ushın qolaylıqlar jaratıw aktual máselelerinen biri bolǵan. Kitap oqıwshılar ushın zamanagóy xizmet kórsetiw sistemasın qáliplestiriw hám jedelletiw hám olardıń natiyjeliligin arttırıw sıyaqlı mashqalalardı sheshiwge qaratılǵan. Respublikamız kitapxana tarmaqları hám sistemaları hám olardaǵı ámeldegi mashqalalar, perspektivalar hám de xalıqqa málimleme-kitapxana xızmetin kórsetiwdiń jaǵdayı hám máseleleri, MKO, MRO hám basqada kitapxanalar iskerligi hám olardıń basqa shólkemler menen baylanıslıǵı máseleleri haqqında izertlewler alıp barıldı. Sonıń menen birge, málimleme-kitapxanalar boyınsha Respublikamız kóleminde ámelge asırılıp atırǵan reformalar usı processlerdiń mazmun-áhmiyeti, perspektivaları hám rawajlanıw basqıshları úyrenip shıǵıldı. Kitapxana – málimleme

mákemeleri sistemasın elede jetilistiriw, rawajlanǵan mámleketler úlgileri mısalında berildi. Temada kitapxanashılıq iskerliginde puqaralar hàm olardıń birlespeleriniń màlimleme, màdeniy hàm aǵartıwshılıq jumısları, sonıń ishinde, kitapxanalar tarmaǵın jaratıw hàm rawajlandırıw, olardıń fondların qàliplestiriw hàm qayta islew, paydalanıwshılar ushın kitapxana, màlimleme-maǵlıwmat hàm bibliografiyalıq xızmetlerdi shólkemlestiriw, kitapxana xızmetkerlerin oqıtıw, ilimiy hàm metodikalıq qollap-quwatlaw, kitapxananı rawajlandırıw máseleleri ashıp berilediXalıqtıń málimlemege bolǵan talabın qanaatlandırıwda zamanagóy kitapxanalarlardan paydalanıp, xızmet kórsetiw sapasın jaqsılaw máqsetinde jańadan málimleme-kitapxana mákemelerin shólkemlestiriw boyınsha húkimetimiz tárepinen qabıl etilip atırǵan qararlar hám olarda belgilengen wazıypalardıń orınlanıwı hám kitapxana málimleme sisteması ámeliy tárepten analizlengen.

**Izertlewdiń predmeti hám obekti.** Málimleme-kitapxana xızmeti, Málimleme-kitapxanalar sistemaları, kitapxanalar klassifikaciyası hámde kitapxana málimleme iskerliginde normativlik huquqiy tiykarları izertlewge tiykar bolıp esaplanadı

**Izertlewdiń usılları.** Mazmunlı analiz, salıstırmalı analiz, ligikalıq analiz izertlewdiń usılların quraydı.

**Izertlewdiń dárejesi hám jańalıǵı.** Qánigelik jumısın izzertlew tiykarınan Mámleketimizdegi málimleme kitapxana mákemelerinde paydalanıwshılar talapların qanaatlandırıw máqsetinde ámelge asırılıp atırǵan jumıslar, kitapxanalar sistemada xızmet kórsetiw ushın jaratılǵan sharayatlar haqqında keńnen maǵlıwmatlar berilgen. Kitapxanalar jumısların rawajlandırıwda engiziliwi zárúr bolǵan processlerdi analizlewden ibarat.

**KITAPXANA** — baspa hám ayırım qo'l jazba dóretpelerden ǵalabalıq paydalanıwdı támiyinleytuǵın mádeniy-aǵartıwshılıq hám ilimiy shólkem; úzliksiz túrde baspa dóretpeler toplaw, saqlaw, úgit-nasiyatlaw hám kıtapxanlarǵa jetkiziw, sonıń menen birge, málimleme-bibliografiya jumısları menen shuǵıllanadı, xalıqtıń manawiy sawatqanlıq dárejesin asırıwda aktivlik kórsetedi. Kıtapxanlarǵa xizmet kórsetiw kitapxananıń tiykarǵı iskerligi bolıp, qalǵan barlıq xızmetler (kitap fondin shólkemlestiriw, fond mazmunın jarıtıw hám bayıtıp barıw onı kıtapxanlarǵa jetkiziw) tiykarǵı iskerlik ushın xızmet etedi.

**Kitapxanashı -** paydalanıwshılarǵa kerek bolǵan maǵlıwmattıń anıq hám tez qıdırıwın támiyinleytuǵın konsul'tant. Bir sóz menen aytqanda, bul kásip jaqsı bilim, kishi piyillik hám shıdamlılıqtı talap etedi.

**Kitapxanashı -** dóretiwshi insan sebebi galabalıq ilajlarda kitapxanashınıń ornı júdá zárúr.

**Kitapxanashı tómendegi talaplarǵa juwap beriwi kerek:**

- kasiplik tálim;
- ulıwma hám professional mádeniyat ;
- jeke-psixologiyalıq pazıylet;
- etikalıq, social hám puqaralıq ornı ;
- dóretiwshilik hám pikirlew qábileti;
- málimleme-kommunikaciya texnologiyaları boyınsha bilim.

Zamanagóy kitapxanashınıń kúndelikli iskerligi óz ústinde izleniw hám jańalıqlar menen tolıq tanis bolıwı zárúr.

**Ózbekstanda kitapxanashılıq isin shólkemlestiriwdiń principleri**

Kitapxananıń kópshilikke arnalǵanlıǵın (ǵalabalıq) hám onıń jumısın demokratlastırıw;
Kitapxanalar iskerligin ulıwma insanıylıq baǵdarda alıp barıw;
Kitapxanashılıq jumısınıń mámleketlik kólemdegi áhmiyeti
Óz betinshe kitapxanashılıq siyasatın júrgiziw;
Kitapxanashılıq sistemasın siyasiy baǵdar tiykarında shólkemlestiriw;
Kitapxanalardı shólkemlestiriw jáne onıń iskerliginde keń jámiyetshiliktiń qatnasıwı;

Málimleme-kitapxana orayları iskerligi — málimleme-kitapxana mákemeleriniń málimleme-kommunikaciya texnologiyaları tiykarında kitapxana fondlarini qáliplestiriw hám xızmeti kórsetiwdi shólkemlestiriw hámde kitapxanlardıń málimleme resurslarınan paydalanıwın támiyinleydi.

**Málimleme-resurs orayları -** Joqarı hám de orta arnawlı tálim mákemelerinde shólkemlestiriledi hám jumıs alıp baradı.

Kitapxanalardıń dúzilisi Ózbekstan Respublikasında joqarı bilimlendiriw mákemeleri kitapxanaları Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń "Respublika xalqın málimleme-kitapxana menen támiyinlewdi shólkemlestiriw tuwrısında"ǵı 2006 jıl 20 iyundaǵı qararına muwapıq "Málimleme- resurs orayları" na (keyingi orınlarda MRO dep ataladı) aylantirildi.

Paydalanıwshılardıń úzliksiz bilim alıw máskanı bolǵan kitapxanalardıń iskerligin elede jetilistiriw boyınsha tómendegi usınıslardı beremen:

1. Milliy màdeniyattı tereń ańlatıwshı màlimleme-kitapxana màkemeleri kitap fondların qáliplestiriw.
2. Bilimlendiriw màkemeleriniń statusın arttırıw, tarmaq ilimiy màlimleme-kitapxana màkemeleriniń ilimiy hàm màlimleme potencialın, sonday-aq, màlimleme-kitapxana tarawında màmleketlik-jeke menshik sheriklikti, màmlekettegi jeke menshik hàm sanlı (virtual) màlimleme-kitapxana màkemeleri tarmaǵın rawajlandırıw.
3. Balalar hàm sociallıq jàrdemge mútàj puqaralar toparına (imkaniyatı sheklengen insanlar, mayıplıǵı bolǵan shaxslar, kóp balalı shańaraqlar hàm basqalar) màlimleme-kitapxana màkemeleriniń ayrıqsha itibarın qaratıwın.
4. Kitapxanalardıń materiyallıq texnikalıq bazasın zamanagóy teǵnologiyalar menen támiynlew arqalı xızmet kórsetiw dárejesin kóteriw
5. kitapxanashılardıń shet mámleletler menen birge islesiwdi rawajlandırıw boyınsha joybarlarda qatnasıw
6. Kitapxanalar veb sayıtlarında interaktiv xızmetler kólemin keńeytiw